



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 1/20/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE CHWA ENSKRI YO NAN INOGIRASYON KÒ
KONSÈVASYON EKSÈLSYÓ**

Pwogram AmeriCorps ofri sèvis 10-Mwa Eksperyans a Jèn Adilt yo

***50 Patisipan ap antreprann Pwojè Jesyon Anviwonman nan 63 sit State Parks ak
DEC***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse seleksyon enskri pou Kò Konsèvasyon Ekselsyò Eta New York, yon nouvo pwogram jesyon ak edikasyon anviwonmantal pou jèn yo ki gen laj 18 a 25 ane. Manm yo ki enskri nan pwogram lan ap pèfòme pwojè enpòtan ak dirab nan Eta New York pandan lap akeri eksperyans ak konpetans nan karyè konsèvasyon.

“ Excelsior Conservation Corps ofri yon opòtinite inik pou jèn Nouyòkè yo jwenn konpetans enpòtan ak fòmasyon pandan lap adrese anpil nan bezwen anviwonmantal yo,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Manm sa yo anbrase lidèchip New York nan pwoteje anviwonman nou an e mwen fyè paske m sipòte pwogram enpòtan sa a.”

Sou 209 posib aplikan, Excelsior Conservation Corps te enskri 50 manm nan diferan orijin, enkli manm yo nan yon pwogram Youth Works nan Albany ak de veteran. Reprezantan yo ki soti nan tout dis rejyon yo nan eta, patisipan yo ap antreprann plis pase 80 pwojè, bay sèvis nan 19 diferan Biwo Parks, sit Lwazi ak Konsèvasyon Istorik ak 44 pwopriyete nan Depatman Konsèvasyon Anviwonman.

Pwojè DEC yo gen ladan Amelyorasyon Arden Height Woods nan Staten Island kote manm yo ap bati platfòm sou rasin ki ekspoze, I FISH NY Clinics ak kanpay nan Manhattan, Brooklyn, Queens ak Bronx, kote manm yo ap ede avèk leson nan klas ak klinik lapèch, epi devlope yon istwa santye nan senk Sant Edikasyon Rivyè nan Konte Albany. Manm yo ap ede State Parks yo sou yon varyete pwojè ki prevwa tankou enstalasyon yon sistèm solè 500-kilowatt nan Robert Moses State Park, sa ki pral fè park kotyè Konte Suffolk vini premye park enèji net nan peyi a. Antretyen santye yo nan plizyè park ak sit istorik ap rive nan plizyè rejyon se yon lòt gwo priorite State Park yo sible pou Environmental Conservation Corps (ECC). Anpil state parks tankou Letchworth State Park nan Finger Lakes, Robert Treman State Park nan Southern Tier ak Grafton Lakes State Park nan Capital District yo chak gen plizyè pwojè ki prezante pi gwo opòtinite pou manm yo kite yon eritaj dirab. Pwogram sèvis 10-mwa ap jere pa Asosyasyon Konsèvasyon Etidyan, yon òganizasyon nasyonal kap dirije nan pwogram

anviwonmantal ak konsèvasyon sèvis pou jèn adilt ak jèn.

“Lè Gouvènè Cuomo ansanm avèk gwo patnè nou yo te entwodui pwogram sa nan otòn lan, nou te konnen li tap yon opòtinite spesyal pou jèn moun yo jwenn eksperyans pratik san parèy nan jesyon anviwonmantal,” **te deklare Gouvènè Adjwen Kathy Hochul**. “Mwen kontan pou m wè anpil moun te gen enterè nan pwogram Excelsior Conservation Corps e mwen gen konfyans ke li pral devlope sou wòl lidèchip New York nan pwoteje ak amelyore resous natirèl eta, pandan lap abilite pwochen jenerasyon lidè konsèvasyon yo.”

Pwogram nan finanse grasa \$1.9 milyon nan fon konbine eta ak federal, enkli \$1 milyon nan Fon Pwoteksyon Anviwonman Eta New York, New York State Environmental Facilities Corporation ak Inivèsite Eta New York. Komisyon Eta New York sou Sèvis Kominotè ak Nasyonal, an patenarya avèk Kòporasyon federal pou Sèvis Nasyonal ak Kominotè, te angaje tou \$850,000 nan fon AmeriCorps pou pwogram nan. Yo pral garanti fon adisyonèl nan Asosyasyon Konsèvasyon Etidyan grasa parenaj ak don prive.

Excelsior Conservation Corps Aktivite ak Fòmasyon

Sou sipèvizyon Asosyasyon Konsèvasyon Etidyan, manm yo nan pwogram lan ap ede ajans yo nan eta enkli DEC, State Parks, Etablisman Anviwonmantal yo State University of New York nan jesyon espas lib; jesyon resous natirèl; amelyorasyon enfrastrikti ak dirabilite; Lwazi ak kat aksè; ak edikasyon anviwonmantal ak sansibilizasyon nan sant nati ak teren kan yo nan eta. Pwojè spesifik yo ap gen ladan pwojè renovasyon, amelyorasyon sekirite sou santye yo ak sit kan yo, restorasyon marekaj, retrè espès anvayisan yo ak mezi rezistans nan chanjman klima. Anplis de travay jesyon anviwonmantal, manm yo ap resevwa yon fòmasyon pou katastwòf ak jesyon volontè pou ede kominote yo ki afekte pa move tan epi sèvi kòm lidè volontè pandan evènman gwo tanpèt yo.

Manm Excelsior Conservation Corps ap baze nan Morrisville State College, kote yo pral resevwa fòmasyon apwofondi ak sètifikasyon nan sekouris dezè, konstriksyon santye, chapant, jesyon risk ak repons jesyon, edikasyon ak sansibilizasyon, ansanm avèk lavi nan kote ki lwen nan peyi a. Apre yo fin konplete pwogram fòmasyon debaz la, manm yo pral angaje nan travay sèvis, divize an gwoup ki pi piti pou takle pwojè priyorite yo nan eta. Pandanke yo lwen ak sèvis plizyè jou oswa semèn pakou, manm yo ap rete nan sit satelit yo, souvan fè kan oswa rete nan kabinn nan sit kan DEC ak State Parks yo.

Komisè pa Entèrim Depatman Konsèvasyon Anviwonman Basil Seggos te deklare, “Sou direksyon Gouvènè Cuomo, New York ap kontinye dirije wout la nan adrese bezwen anviwonman enpòtan eta ap andire. Lè nou konbine jesyon anviwonmantal avèk sèvis jèn ak devlopman konpetans, pwogram inik sa ap ranfòse amelyorasyon ki pi nesèsè nan teren kan Park Adirondack ak Catskill ansanm avèk lòt pwojè restorasyon ki nesèsè nan New York. Nap rete tann pou n travay etwatman avèk

ECC pou fè sa vini yon eksperyans kalite pou manm nou yo ak yon posib karyè pou jèn adilt sa yo.”

Komisè New York State Parks, Recreation, and Historic Preservation Rose Harvey te deklare, “Plizyè deseni de sa Kò Konsèvasyon Sivil [Civilian Conservation Corps (CCC)] te bati epi kite yon mak inoubliyab sou state park nou yo ke plizyè milyon Nouyòkè ap jwi jodia. Grasa Gouvènè Cuomo nouvo Kò Konsèvasyon Eksèlisyò a ap pote flanbo a e lap kontinye tradisyon sa kòm jèn adilt jodia yo ap ede reyabilite ak restore etablisman eksepsyonèl lwazi yo nan eta nou an.”

Depite Paul Tonko te deklare, “Kenbe zòn lwazi ak park nou yo se yon pati enpòtan pou pwoteje resous natirèl yo epi asire ke Ameriken yo gen opòtinite lwazi anplennè enpòtan. Mwen sèten ke nou pral wè travay eksepsyonèl apati ECC nan Capital Region ak toupatou nan Eta New York. Map rete tann pou m travay avèk yo pou avanse yon priyorite m nan Kongrè a kap pwomote dirabilite, pwoteje trezò nasyonal, ak ranfòse zòn eritaj nou yo.”

Senatè Neil Breslin te deklare, “Pwogram Jesyon ak edikasyon anviwonmantal se yon gwo opòtinite pou jèn adilt yo jwenn eksperyans valab nan domèn konsèvasyon anviwonman. Pwoteje epi konsève resous natirèl eta nou an enpòtan pou yon avni ki pi briyan pou New York e kalite eksperyans pratik jèn moun sa yo pral jwenn plis sipò pou efò sa a.”

Manm Asanble Patricia Fahy te deklare, “ECC se jis kalite solisyon reflechi ak kreyativ pou kesyon obligatwa New York yo ki kapab enspire jenerasyon yo. Mwen enpasyan pou m swiv pwogrè gwoup inogiral 50 Nouyòkè yo kòm yap travay nan enterè piblik la ap triple liy konvèsasyon anviwonman, sèvis kominotè ak posibilite enspirasyon travay, e nou felisite Gouvènè a paske li bay jèn nou yo sa ki kapab yon opòtinite pou chanje lavi pou fè yon diferans.”

Linda Cohen, Direktè Egzekitif Komisyon Nasyonal Eta New York ak Sèvis Kominotè– Nouyòkè Volontè, te deklare, “50 Nouyòkè sa yo anbrase lespri ki defini AmeriCorps depi kòmansman l ak odela, ki remonte a premye jou Kò Konsèvasyon Sivil isit la nan Eta New York. Ansanm yap anbake nan yon eksperyans kap chanje lavi ki pral gen yon enpak dirab, enpòtan sou anviwonman an. Komisyon an kanpe dèyè jèn gason ak fi sa yo nan sèvis enpòtan yo a eta nou an, e nap rete tann pou n wè tout sa yo akonpli.”

Prezidan ak PDG New York State Environmental Facilities Corporation Sabrina M. Ty te deklare, “Kreyasyon ak lansman Kò Konsèvasyon inogiral Eksèlisyò montre lidèchip Gouvènè a ak vizyon nan elaji eritaj anviwonmantal New York nan angaje entelijans ak enèji jèn nou yo. EFC fyè pou l sipòte inisyativ sa epi apresye angajman Corps a pou fè travay konsèvasyon enpòtan ki pral pwoteje dlo eta nou an ansanm avèk lòt resous natirèl yo pou jenerasyon kap vini yo.”

Prezidan Morrisville State College Dr. David. E. Rogers te deklare, “SUNY Morrisville kontan anpil sou opòtinite pou akeyi etidyan yo nan Excelsior Conservation Corp (ECC). Nou gen anpil pwofesè ak etidyan ki deja angaje nan rechèch aplike avèk pwogram ki aliyen avèk misyon ECC a. Anpil nan ansyen etidyan nan pwogram SUNY Morrisville sa yo te asime wòl lidèchip toupatou nan Eta NY kòm pwofesyonèl nan American Fisheries Society, Sosyete Forestrye Ameriken, ak Wildlife Society.”

Direktè Divizyon Eta New York Afè Veterans Eric J. Hesse te deklare, “Sa Gouvènè Cuomo, Depatman Konsèvasyon Anviwonman ak State Parks yo ap fè avèk Excelsior Conservation Corps non sèlman bon pou New York, men tou pou Veteran nou yo. Mwen kontan anpil paske de veteran pral sèvi nan kad klas inogiral la. Travay konsèvasyon anplennè se yon adaptasyon natirèl pou anpil veteran ki gen eksperyans lavi ak travay an ekip. Mwen espere opòtinite ak eksperyans yo ap dirije a anpil lòt klas veteran nan lavni. Mwen aplodi ECC pou efò rekritman ke li te mete anplas pou fè Veteran sa yo fè pati nan pwogram lan.”

Prezidan ak Ofisye Egzekitif Anchèf Asosyasyon Student Conservation Jaime Berman Matyas te deklare, “Nou onore epi kontan pou mete sou pye Kò Konsèvasyon Eksèsyò Eta New York Gouvènè Cuomo. Pwogram inik sa devlope sou relasyon SCA te genyen avèk DEC ak State Parks pou 17 ane e nan efò konjwen nou pou elaji lwazi ak eksperyans edikasyon pou Nouyòkè yo grasa pwogram sansibilizasyon edikasyon pratik ak pwojè jesyon yo.”

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418